

# A PWOPÔ DE NOU

---

# AJISTÈ PIBLIK

## KONTAKTE NOU

---



## KISA YON AJISTÈ PIBLIK YE?

Yon ajistè piblik se nenpòt moun ki touche lajan pou ranpli, prepare, oswa depoze yon reklamasyon benefis asirans pou yon benefisyè jwen benefis li, oswa ede yon benefisyè negosye, oswa jwenn regleman pou yonn oswa plizyè reklamasyon benefis asirans, pou pèt oswa domaj kontra asirans lan kouvari.

## ESKE YON AJISTÈ PIBLIK TRAVAY POU KONPAYI ASIRANS MWEN?

Non, yon ajistè piblik pa gen okenn relasyon ak konpayi asirans lan. Gen twa kalite ajistè pou reklamasyon benefis asirans: Ajistè konpayi yo travay pou konpayi asirans lan. Ajistè endepandan yo travay pou konpayi asirans lan kòm kontraktè endepandan, pa kòm anplwaye, epi AJISTÈ PIBLIK yo travay pou benefisyè ki gen asirans lan, yo pa travay pou konpayi asirans lan.

## KÒMAN YON AJISTÈ PIBLIK TOUCHE?

Lè Gouvènè a deklare yon eta dijans pou yon katastwòf natirèl, yon ajistè piblik kapab touche 10% nan lajan reklamasyon benefis asirans lan, epi lè pa gen yon deklarasyon dijans, ajistè piblik la kapab touche 20% nan lajan reklamasyon benefis asirans lan.

## KÒMAN POU MWEN CHWAZI YON AJISTÈ PIBLIK?

Nan Florida, ajistè piblik yo dwe gen lisans. Mande pou wè lisans yo. Pran rekòmandasyon nan men lòt moun. Fè atansyon ak nenpòt moun ki ap fè presyon sou ou pou siyen yon kontra. Fè atansyon ak nenpòt moun k ap mache fwape pòt moun pou vann ou biznis apre yon katastwòf.

Pa chwazi yon ajistè ki mande yon depozit oswa yon frè davans. Ajistè piblik yo touche lè konpayi asirans lan peye lajan benefis lan. Fè atansyon ak nenpòt moun ki fè w pwomès sou kantite lajan ou pral resevwa anvan menm yo gade ki valè pèt ou sibi oswa kondisyon yo ki nan kontra asirans ou an.

TEXT TEXT TEXT

## SONJE KE

Lè ou sèvi ak yon ajistè piblik reparasyon yo ka fèt pi fasil e petèt pi rapid, men li pral retire nan kantite lajan reklamasyon an paske ajistè piblik yo touche yon pouvantaj nan lajan règleman an.

Sa pral vle di mwens lajan pou reparasyon, **kidonk fè kontwòl konbyen lajan wap bezwen pou fè reparasyon ki nesesè yo.**

## DEPATMAN SÈVIS FINANSYÈ FLORID LA MANDE FLORIDYEN YO POU YO SONJE:

» Solisitasyon ajistè piblik yo limite a Lendi jiska Samdi, apati de 8 a.m pou rive 8 p.m.

» Frè ajistè piblik yo limite. Dis (10%) poustan lè Gouvènè a deklare yon eta dijans. Ven (20%) poustan nan tout lòt sitiyasyon yo.

» Frè ajistè piblik yo negosyab. Benefisyè asirans lan ka anile yon kontra avèk yon ajistè piblik sou dis (10) jou biznis apre li fin siyen I san okenn penalite.

